

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Salah sahiji pangajaran basa Sunda di SMP nya éta pangajaran ngalarapkeun babasan. Dina prak-prakanana tangtu loba pisan pasualan anu karandapan boh ku siswa boh ku guru. Anu jadi pasualan guru di antarana nya éta kumaha carana sangkan matéri babasan bisa ditepikeun tur bisa dicangkem ku siswa. Ieu hal patalina jeung *kreatifitas* guru dina nepikeun pangajaran anu dirasakeun ku siswa kurang ngahudang karep diajar sabab masih ngagunakeun cara-cara *konvensional* saperti ceramah. Sedengkeun anu jadi pasualan siswa di antarana nya éta kurangna kamampuh siswa dina nyangkem matéri babasan. Kamampuh ngalarapkeun babasan bisa ka titén tina peunteun *prates* siswa anu masih di handapeun KKM. Ku kituna, perlu tarékah pikeun ngungkulan ieu rupa-rupa pasualan.

Salah sahiji tarékah pikeun ngungkulan pasualan-pasualan nu dipedar di luhur nya éta ku cara ngagunakeun modél pangajaran. Modél pangajaran nurutkeun Trianto (2010, kc. 51) nya éta *suatu perencanaan atau suatu pola yang digunakan sebagai pedoman dalam merencanakan pembelajaran di kelas atau pembelajaran dalam tutorial*.

Modél pangajaran raket pisan patalina jeung prosés diajar ngajar. Modél pangajaran nu ngirut haté siswa tangtu bakal ngahudang karep siswa dina diajar basa Sunda sarta bakal nyieun kagiatan diajar ngajar leuwih pikaresepeun. Salah sahiji modél pangajaran nu bisa ngirut karep siswa diajar nya éta modél pangajaran *Snowball Throwing*.

Rahman (2011, kc. 26) ngajelaskeun yén modél pangajaran *Snowball Throwing* nya éta modél pangajaran kelompok. Unggal kelompok diwakilan ku pupuhu kelompokna tuluy meunang pancén ti guru. Unggal siswa nyieun pertanyaan dina wangun bal kertas pananya. Tuluy éta kertas dialungkeun ti siswa hiji ka siswa séjén. Siswa anu meunang bal kertas kudu bisa ngajawab pananya anu aya dina éta bal.

Kamampuh guru dina hal ngokolakeun kelas tangtu bakal leuwih gampang saupama dirojong ngagunakeun modél pangajaran anu ngirut *motivasi* diajar siswa. Sanajan euweuh modél pangajaran anu sampurna, modél pangajaran *Snowball Throwing* bisa méré pitulung boh ka guru boh ka siswa sangkan leuwih *aktif, kreatif* tur *inovatif* dina prosés pangajaran. Saupama siswa geus ngarasa resep kana prosés diajar tangtu waé matéri nu diajarkeun ku guru bakal leuwih kacangkem ku siswa.

Ngagunakeun modél pangajaran *Snowball Throwing* siswa diperedih sangkan leuwih *komunikatif*. Dina ieu hal, siswa dipiharep bisa leuwih mekarkeun kahirupan sosialna di kelas jeung bisa ngébréhkeun naon nu ngabalukarkeun matéri babasan téh ka asup matéri nu hésé dicangkem. Tina éta prosés bakal kapaluruh naon nu jadi bangbaluh dina pangajaran babasan. Éta rupa-rupa hal ogé anu jadi dadasar panalungtik perlu ngayakeun panalungtikan ngagunakeun modél pangajaran *Snowball Throwing*.

Panalungtikan ngeunaan modél pangajaran *Snowball Throwing* nu ka paluruh ku panalungtik di antarana nya éta *Éfèktivitas Modèl Pangajaran Snowball Throwing dina Pangajaran Maca Sajarah Lokal (Studi Kuasi Éksperimèn ka kelas VII-D SMP Kartika XIX-2 Taun Ajaran 2013/2014)* (Mira Oktaviana, 2014); *Éfèktivitas Modél Snowball Throwing pikeun Ningkatkeun Kamampuh Ngagunakeun Tatakrama Basa Sunda (Studi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII SMP Negeri 2 Cisarua Bandung Barat Taun Ajar 2013/2014)* (Sofia Nur Ramadhani, 2014). Anu jadi sasaran tina panalungtikan saméméhna jeung nu rék ditalungtik nya éta modél pangajaran *Snowball Throwing*. Ari anu ngabédakeunana nya éta subyéék panalungtikan, matéri ajar, métode pangajaran jeung dadasar tiori nu rék ditalungtik.

Ku sabab acan aya nu nalungtik pangaruh modél pangajaran *Snowball Throwing* kana ngaronjatna hasil pangajaran babasan, panalungtik perlu ngalaksanakeun ieu panalungtikan anu udaganana pikeun ngukur kamampuh siswa dina ngalarapkeun babasan ngagunakeun modél pangajaran *Snowball Throwing*. Ku kituna, ieu panalungtikan nu judulna *Modél Pangajaran Snowball Throwing pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Ngalarapkeun Babasan (Studi Kuasi*

Ékspérimén ka Siswa Kelas VII-E SMP Pasundan 4 Bandung Taun Ajaran 2014/2015), perlu dilaksanakeun.

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur, anu jadi masalah ieu panalungtikan dirumuskeun dina wangun kalimah pananya ieu di handap.

- 1) Kumaha kamampuh ngalarapkeun babasan siswa kelas VII-E SMP Pasundan 4 Bandung taun ajaran 2014/2015 saméméh maké modél pangajaran *Snowball Throwing*?
- 2) Kumaha kamampuh ngalarapkeun babasan siswa VII-E SMP Pasundan 4 Bandung taun ajaran 2014/2015 sanggeus maké modél pangajaran *Snowball Throwing*?
- 3) Naha aya béda anu signifikan antara kamampuh ngalarapkeun babasan siswa kelas VII-E SMP Pasundan 4 Bandung taun ajaran 2014/2015 saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél pangajaran *Snowball Throwing*?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Anu jadi tujuan dina ieu panalungtikan ngawengku: (1) tujuan umum jeung (2) tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum ieu panalungtikan nya éta pikeun nguji modél pangajaran *Snowball Throwing* dina ngaronjatkeun kamampuh siswa kelas VII-E SMP Pasundan 4 Bandung dina pangajaran ngalarapkeun babasan.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan khusus tina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) kamampuh ngalarapkeun babasan siswa kelas VII-E SMP Pasundan 4 Bandung taun ajaran 2014/2015 saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Snowball Throwing*,
- 2) kamampuh ngalarapkeun babasan siswa kelas VII-E SMP Pasundan 4 Bandung taun ajaran 2014/2015 sanggeus ngagunakeun modél pangajaran *Snowball Throwing*, sarta

Eka Hasan Saputra, 2017

MODÉL PANGAJARAN SNOWBALL THROWING PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH NGALARAPKEUN BABASAN

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 3) béda anu signifikan antara kamampuh ngalarapkeun babasan siswa kelas VII-E SMP Pasundan 4 Bandung taun ajaran 2014/2015, saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél pangajaran *Snowball Throwing*.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat tina ieu panalungtikan ngawengku: 1) mangpaat téoritis, jeung 2) mangpaat praktis.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Ieu panalungtikan diayakeun pikeun ngeuyeuban élmu pangaweruh ngeunaan modél pangajaran. Hususna modél pangajaran *Snowball Throwing* dina pangajaran ngalarapkeun babasan. Hasil ieu panalungtikan dipiharep méré gambaran yén modél pangajaran *Snowball Throwing* bisa mangaruhan kana karep diajar siswa hususna kana pangajaran ngalarapkeun babasan.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis tina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) pikeun guru, bisa jadi bahan tinimbangan sarta bahan dina milih jeung ngagunakeun modél pangajaran basa Sunda, matak ngirut siswa, sarta ngawangun kelas nu *interaktif tur komunikatif*;
- 2) pikeun siswa, sangkan numuwuhkeun motivasi siswa dina pangajaran ngalarapkeun babasan, ngaronjatkeun tingkat maham matéri babasan, sarta leuwih aktif dina prosés diajar di kelas; jeung,
- 3) pikeun panalungtik, sangkan ngaronjatkeun kualitas paélman jeung ngalarapkeun modél pangajaran nu luyu jeung pangajaran ngalarapkeun babasan.

1.5 Raraga Tulisan

Dina ieu skripsi, raraga tulisan diwangun ku lima bab, anu diwincik saperti ieu di handap.

Bab I Bubuka, eusina ngawengku kasang tukang masalah, rumusan masalah, tujuan panalungtikan anu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus,

Eka Hasan Saputra, 2017

MODÉL PANGAJARAN SNOWBALL THROWING PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH NGALARAPKEUN BABASAN

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

mangpaat panalungtikan boh mangpaat tioritis boh mangpaat praktis, jeung raraga tulisan;

Bab II Ulikan Pustaka, dipedar raraga tiori nu ngawengku modél pangajaran *Snowball Throwing* jeung tiori babasan, medar panalungtikan saméméhna nu ngawengku prosedur, subyék jeung hasil panalungtikanana, medar kalungguhan tioritis ieu panalungtikan, raraga mikir sarta hipotésis;

Bab III Méthode Panalungtikan, dipedar desain panalungtikan, data jeung sumber data panalungtikan, populasi jeung sampel, instrumen panalungtikan, prosedur panalungtikan, sarta analisis data;

Bab IV Hasil Panalungtikan, dipedar hasil panalungtikan pangajaran ngalarapkeun babasan saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *Snowball Throwing*, ngabandingkeun béda nu signifikan antara kamampuh awal jeung ahir;

Bab V Kacindekan, dipedar kacindekan ahir tina panalungtikan, sarta rékoméndasi pikeun panalungtikan ka hareupna.